



Pou Piblikasyon Imedya: 17/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL DEPLWAYE EKIP PONPYE ETA NEW YORK LA POU EDE KONBAT KONT ENSANDI FORESTYE YO NAN KI NAN LWÈS YO

***DEC akeyi adomisil ekip ki soti nan Ensandi Greenwood la nan Minnesota - foto ekip sa a disponib [Isit la](#)***

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke yon ekip ki gen 20 ponpye forestye ki dirije pa Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ap vwayaje nan California kote yo pral fè yon mizansèn anvan yo afekte yo pou ede ak nan efò k ap fèt pou lite kont ensandi nan eta lwès yo k ap dire de semèn.

Gouvènè Hochul te akeyi tou adomisil ekip ki gen 20 ponpye k ap konbat kont ensandi firestye nan fen tach de semèn ke yo t ap goumen kont Ensandi Greenwood nan Minnesota. Nan kòmansman mwa sa a, Robbi Mecus ki se Gad Forestye nan DEC [te retounen](#) soti nan lit kont ensandi nan Dixie nan California, nan mwa out la, Michael Burkholder ki se Gad Forestye [te retounen](#) soti nan lit kont ensandi Alder Creek ak nan Trail Creek nan Montana. Nan mwa jiyè a, Timothy Carpenter [te retounen](#) lakay yo te deplwaye li nan lit kont ensandi Bootleg la nan Oregon.

"Nan tout peyi a, nou te wè devastasyon ki te koze pa chanjman klimatik nou an sou fòm dife k ap fè raj, e mwen fyè pou m akeyi ekip ekspè ponpye kont ensandi forestye sa a ki soti nan DEC ki te travay san pran souf pou metrize ensandi Greenwood la nan Minnesota", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen rekonesan - men mwen pa etone - ke New York se lakay anpil moun ki devwe ki vle reponn ak apèl lè dezas frappe epi mwen priye pou ekip la retounen an sekirite nan sou wout yo pou California pou proteje lòt kominote yo kont domaj."

**Komisè DEC, Basil Seggos, te deklare,** "Kèlkeswa jan tach la danjere, ekip ponpye kont ensandi forestye renome DEC la toujou prepare pou ede lè sa nesèsè, y ap sèvi alafwa sou liy ensandi a ak dèyè sèn lan jan ekspè nan ensidan yo bay lòd. Mwen remèsye yo pou sèvis yo, patikilyèman pandan sezon ensandi okipe ane sa a ki vin pi mal akòz chanjman klimatik la.

Ensandi Greenwood la te kòmanse nan dat 15 out, epi l ap boule nan nò Minnesota ant Greenwood Lake ak entèsksyon otowout 1 ak 2 a. Jiskaprezan, dife sa a boule anviwon 10,926 kawo tè e pou kounyeya yo metrize li a anviwon 75 pousan. Ekip k ap retounen gen ladan Gad Forestye DEC yo, anplis sa gen anplwaye ki fòme pou batay

kont ensandi forestye ki soti nan divizyon Teritwa ak Forè, Operasyon, ak Reyabilitasyon DEC la, ansanm ak volontè ki gen eksperyans ponpye ki soti an deyò DEC:

Gad Forè Kevin Slade, Chèf Ekip, Konte Ulster  
Nathaniel Shea, Gad Forè, Chèf Ekip stajyè, Konte St. Lawrence  
Evan Donegan, Gad Forè, Chèf Brigad, Konte Warren  
Gad Forè Steve Jackson, Chèf Brigad, Konte Rensselaer  
Gary Miller, Gad Forè, Chèf Brigad, Konte Hamilton  
Tyler Briggs, Ponpye, Konte Albany  
James Canevari, Divizyon Teritwa ak Forè DEC, Konte St. Lawrence  
Joshua Choquette, Divizyon Pwason ak Bèt Sovaj DEC, Konte Delaware  
Larry Day, Ponpye, Konte Steuben  
Shay Faulkner, Divizyon Operasyon DEC (DEC Division of Operations), Konte Allegany  
Robert Mackenzie, Divizyon Teritwa ak Forè DEC, Konte Dutchess  
Lauren Martin, Ponpye, Konte Orange  
Robert McPherson, Ponpye, Konte Onondaga  
Kyle Olson, Divizyon Pwason ak Bèt Sovaj DEC, Konte Tompkins  
Christian Peterson, Ponpye, Konte Schoharie  
Travis Petit, Divizyon Teritwa ak Forè DEC, Konte Otsego  
Kraig Senter, Ponpye, Konte Cayuga  
Cassandra Stanfield, Ponpye, Konte Onondaga  
Daniel Wehn, Divizyon pou Reyabilitasyon Anviwonmantal DEC, Konte Saratoga  
Timothy Yeatts, Divizyon Pwason ak Bèt Sovaj DEC, Konte Onondaga

Dènye ekip ponpye Eta New York yo te pran direksyon Moreno Valley, CA, kote yo pral fè mizansèn anvan deplwaman an. Ekip la konpoze ak Divizyon Pwoteksyon Forè, Teritwa ak Forè, Pwason ak Bèt Sovaj, Operasyon, Jesyon Materyèl, anplwaye Reyabilitasyon Anviwonmantal, ak lòt volontè ponpye ki gen eksperyans.

Sèvis Forestye Ameriken an ap peye dirkteman tout pèsonèl ak pou depans vwayaj pou ekip New York yo oswa l ap ranbouse Eta New York dapre yon akò èd mityèl ant eta yo ak ajans fonsye federal yo.

Ensandi forestye nan eta lwès yo pa devastatè sèlman pou zòn lwès Etazini an, yo fè enpak tou sou kalite lè nan New York. Nan dat [20 jiyè](#), yo te mete yon avi sou sante nan tout eta New York la sou kalite lè a ke ensandi nan Canada ak pati lwès Etazini lakoz. Yo te bay plizyè avi sou kalite lè a pandan metewolojis DEC yo prevwa ke nivo polisyon yo swa ozonn oswa ti patikil piti yo, ta dwe depase yon Endis Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) ki se yon valè 100. Ekspozisyon ak ti patikil yo ka lakòz efè sante akoutèm tankou iritasyon nan je, nen, ak nan gòj, touse, etènye, nen k ap koule, ak souf kout. Ekspozisyon a wo nivo ti patikil yo kapab lakoz tou kondisyon medikal ou tankou opresyon ak maladi kè, vin pi mal. Eta New York ap kontinye bay avètisman chak fwa kondisyon yo mande sa pou ede pwoteje sante piblik la.

An 1979, New York te voye premye ekip ponpye li a pou al ede eta zòn lwès yo konbat gwo dife forè yo. Depi lè sa, an mwayèn, yo konn voye youn oswa de ekip, jan sa nesesè, pou ede metrize dife forè yo chak ane. Anplis de ede frennen ensandi nan forè yo epi minimize domaj yo, ekip sa yo gen bon jan eksperyans ki kapab itilize pou lite kont ensandi nan forè yo, epi jere ensidan ki gen tout kalite risk nan new York.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)